



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PIZYÈ MILYE NOUYÒKÈ TE PATISIPE NAN
SENKYÈM JOU ANYÈL 'I LOVE NY PARK DAY'**

***Kantite rekò volontè te patisipe nan pwojè kominotè Netwayaj nan 110 State
Parks ak sit istorik yo nan New York***

Gouvènè Cuomo jodia te anonse plizyè milye volontè te patisipe nan senkyèm jounen anyèl "I Love My Park Day." patisipe nan netwayaj kominotè, anbelisman ak aktivite jesyon nan plis pase 110 pak ak espas istorik nan New York. Manm yo nan Administrasyon Gouvènè Cuomo ak preske 7,500 volontè te patisipe nan plizyè douzèn pwojè park enkli plante pyebwa ak jaden, netwaye debri, restore santye ak abital lafon, netwaye litoral ak bòdmè ak plis ankò.

"Apati Letchworth Park pou rive nan Grafton Lakes, eta sa se kay pou kèk nan pi bèl park nan mond lan, e se devwa nou pou pwoteje yo pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "'I Love My Park Day' selebre espas lib sa yo epi kontinye tradisyon rich eta pou konsève resous natirèl nou yo epi elaji aksè a lwazi anplennè yo. Mwen remèsye tout Nouyòkè yo ki te fè volontè pou fè 'I Love My Park Day' ane sa vin yon gwo siksè."

Te fèt nan premye samdi mwa Me, aktivite anyèl a, patwone konjwentman avèk [Parks & Trails New York](#), sa ki gen ladan nouvo patenarya avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York, National Park Service, Excelsior Conservation Corp. ak Komisyon New York pou volontè ak Sèvis Kominotè.

Manm nan administrasyon Gouvènè Cuomo ki te patisipe nan 'I Love My Park Day' gen ladan:

- Komisyonè Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Rose Harvey;
- Komisyonè Biwo Sèvis Jeneral RoAnn Destito;
- Komisyonè Egzekitif Adjwen Depatman Motor Vehicles Theresa Egan;
- Direktè Egzekitif Komisyon Gaming Robert Williams;
- Sekretè Adjwen pou Agrikilti ak Mache Pat Hooker;
- Direktè Afè Rejyonal Mark Streb; ak
- Reprezantan Rejyonal Mohawk Valley Peggy Rodriguez.

Direktè Egzekitif Parks & Trails New York Robin Dropkin, te deklare, “ Jodia, plizyè milye Nouyòkè ap touche manch chemiz yo pou anbeli park yo ke nou renmen. Efò yo, ki makonnen avèk angajman Gouvènè Cuomo nan revitalizasyon sistèm park eta nou an atravè plan Parks 2020 li, sèvi kòm yon modèl nasyonal pou jerans trezò natirèl, kiltirèl ak istorik ke nou renmen.”

Komisyònè Park Eta Rose Harvey te deklare, “ I Love My Park Day' se yon bon fason pou Nouyòkè yo montre sipò yo pou bèl sistèm pak New York. Mwen rekonesan a Gouvènè Cuomo pou angajman li nan park eta ak santye New York nou yo paske yo te ede òganize inisyativ enspirasyon sa. Mwen remèsye tout volontè yo ki te soti epi investi tan ak pasyon yo nan yon bagay ke nou tout ka fyè.”

Komisyònè Depatman Konsèvasyon Anviwonman NYS Basil Seggos te deklare, “DEC te kontan paske yo te travay avèk State Parks ak Santye New York yo pou òganize aktivite nan etablisman DEC pou premye fwa nan ‘I love My Park Day. Nou rekonesan pou travay tout volontè yo ki te ede netwaye epi restore sit nou yo nan Adirondacks ak Catskills. Nou pa ka tann pou n travay avèk patnè nou yo nan aktivite sa nan lavni.”

Komisyònè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York RoAnn Destito te deklare, “Park Eta New York yo se yon trezò ke moun toupatou nan mond lan te jwi pou plizyè jenerasyon. Tradisyon chak ane Gouvènè Cuomo pou pote fanmi ak kominote yo ansanm pou anbeli bèl peyizaj sa yo pou sezon ete a se yon gwo fason pou asire ke yo ka pwofite de plas spektakilè sa yo nan nivo maksimòm.”

Komisyònè Egzekitif Adjwen Depatman Motè Veyikil NYS Terri Egan te deklare, “I Love My Parks Day se yon gwo eskiz pou nou andeyò biwo a, pwofite lè fre epi travay ansanm avèk zanmi ak fanmi pou netwaye park ak santye nou yo. Mèsi a tout moun sila yo ki te pran tan nan wikenn yo pou re-investi nan kominote yo.”

Volontè lokal yo te patisipe nan pwojè yo ki klase apati plante pbyebwa pou rive nan kreye bwat flè ak anbeli jaden papiyon yo. Pwojè adisyonèl yo gen ladan netwaye plizyè kilomèt santye ak chemen pou mache, konstwi pèsyèn zwazo, konstwi tab piknik, penti, netwaye griy ak fwaye eliminasyon epi retire espès anvayisan yo. Ane pase plis pase 6,500 volontè te patisipe nan 200 pwojè amelyorasyon e li te kontribye 16,000 èdtan sèvis kominotè nan ‘I Love My Park Day’.

Nan 2011, Gouvènè Cuomo te lanse 'I Love My Parks Day' pou amelyore ak anbeli pak ak espas istorik New York yo ke nou plis ancheri, epi mete plis vizibilite nan sistèm pak New York. Depi kreyasyon li, preske 20,000 volontè te kontribye plizyè dizèn milye èdtan pou amelyore tè piblik nan jou sa sèlman. Pou gade aksyon ‘I Love My Park Day’ toupatou nan eta, klike [la](#).

Eta New York ap fè yon angajman istorik pou amelyore ak elaji aksè a aktivite anplennè. Pwogram [NY Parks 2020](#) Gouvènè a se yon angajman plizyè ane pou ogmante \$900 milyon nan finansman prive ak piblik pou State Parks yo jiska 2020.

Jiska dat 225 pwojè te renove ak revitalize plis pase 130 Park Eta ak sit istorik. Bidjè Egzekitif 2016-17 Gouvènè a gen ladan \$90 milyon nan bi inisyativ sa a.

Ane sa, Eta New York ap kontinye demaraj ak ankouraje nouvo antre nan park eta yo grasa Thacher State Park Visitors Center, Letchworth State Park Nature Center ak Ganondagan Sant Kiltirèl Sit Istorik Eta ki bay yon sipò pou vizitè yo ki ta renmen eskplore. Renovasyon \$70 milyon nan Niagara Falls State Park ak \$65 milyon nan Jones Beach kontinye menm jan avèk kreyasyon nouvo park eta New York, Buffalo Harbor State Park sa kap avanse epi entwodui nouvo aksè anplennè bòdmè Vil Buffalo ki te neglije.

Bidjè Eta 2016-17 la gen ladan afektasyon kredi \$300 milyon dola pou Fon pou Pwoteksyon Anviwonman, piwo nivo finansman nan istwa pwogram lan ak yon ogmantasyon \$123 milyon dola parapò a ane pase. Ogmantasyon sa ap bay lajan ou pa janm wè pou pwogram anviwonman tankou acha tè, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisan, amelyorasyon kalite dlo, ak yon ajanda jistis anviwonman agresif. Anplis, nivo finansman sa a pral kreye nouvo pwogram pou diminye emisyon gaz greenhouse epi adapte a chanjman klima.

Mwa pase, Gouvènè Cuomo te lanse pwogram [Connect Kids to Parks](#) pou amelyore opòtinite edikasyon ak lwazi pou timoun lekòl yo epi ankouraje park ak plas istorik yo nan chak kwen nan eta. Nan kad efò a, New York ap fè patenarya avèk Sèvis Nasyonal Park pou elaji aksè antre gratis lajounen nan park eta yo pou tout elèv klas katriyèm ane ansanm avèk fanmi yo nan 2016 ansanm avèk pou kreye yon pwogram sibvansyon pou ede transpòte timoun lekòl yo nan espas lwazi anplennè ak pwogram edikasyon anviwonmantal nan park Eta ak sit istorik yo nan New York.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418